

Kisa pou Fè Aprè Ou Fin Resevwa Rezilta Tès COVID-19 lan



Tanpri konsilte enfòmasyon ki anba la sou kisa pou fè aprè ou fin resevwa rezilta tès COVID-19 lan. Si ou gen kesyon oswa ou genyen COVID-19, tanpri kontakte pwofesyonèl swen sante ou an nan doktè.

Pou jwenn tout dènye enfòmasyon yo, tanpri vizite [BMC.org/covid-19](https://www.bmc.org/covid-19)

Si w genyen COVID-19:

- Si se lakay ou tès lan te fè, tanpri rele doktè ou an pou di li ou pozitif. Yo kapab ba ou plis enfòmasyon sou sa w dwe fè aprè.
- Swiv konsèy izòlman yo - rete lakay ou epi rete lwen lòt moun w ap viv ansanm ak yo an si sa posib - Depatman Sante Piblik Massachusetts bay yo. Tout dènye kounsèy yo ou kapab jwenn yo sou [Mass.gov](https://www.mass.gov).
- Selon laj ou genyen, faktè risk pou devlope gwo sentòm COVID-19, ak lòt kritè, ou kapab an mezi pou benefisye tretman abaz medikaman antiviral oswa antikò monoclonal. Tretman sa yo kapab evite tonbe malad anpil oswa pou gen bezwen ale entènè lopital poutèt COVID-19. Yo plis efikas lè w pran yo 1-10 jou aprè w te fin santi premye sentòm yo, kidonk li enpòtan pou rele pwofesyonèl swen sante ou an kote w wè tès ou fè lakay ou an (antijè) sòti pozitif.
- Si w te fè yon tès PCR (laboratwa) nan BMC epi w elijib pou benefisye tretman COVID-19 lan, genyen yon moun ki pral rele ou pou fè swivi ak ou menm.
- Konsilte do paj sa a pou jwenn plis enfòmasyon sou tretman COVID-19 lan.

Si sentòm ou genyen yo vin plis mal tanpri rele doktè swen jeneral ou an

Chèchè èd medikal touswit si w gen youn nan difikilte sa yo:

- Ou gen souf ou ki anlè oswa pwoblèm respiratwa ki grav
- Gwo doulè nan lestonmak oswa yon doulè ki pa janm vle ale
- Ou endipoze de fwa oswa pa santi ou kapab reveye
- Bouch ou figi ble

Kesyon Moun Poze Souvan Sou Tretman COVID-19 lan

Ki tretman BMC pwopoze?

BMC genyen ni tretman antiviral nan bouch ak tretman antikò monoclonal ki disponib. Tretman antiviral nan bouch lan ou kapab fè li adomisil, men tretman antikò monoclonal lan se yon medikaman yo bay nan venn (IV) nan BMC.

Kijan pou mwen fè konnen si mwen kapab fè tretman COVID-19 lan?

Ou kapab fè tretman antiviral lan oswa tretman antikò monoclonal COVID lan si w sentòm COVID-19 lejè pou rive modere epi:

- Pa vaksinen
- Gen 65 lane oswa plis
- Genyen sistèm iminitè ki fèb
- Gen kèk maladi, tankou maladi kadyovaskilè, maladi nan poumon ki, maladi nan ren ki, epatik ki, dyabèt, maladi sante mantal, oswa maladi nan devlopman newòn.
- Gen yon BMI ki depase 30
- Se yon moun ki konn fimèn oswa te konn fimèn
- Gen yon twoub konsomasyon sibstans
- Ou te fè yon konjesyon serebral

Pale avèk doktè ou an pou jwenn plis enfòmasyon epi gade pou konnen si w elijib pou fè yon tretman.

Kijan nou fè konnen nouvo tretman sa yo san danje oswa yo mache?

Medikaman sa yo nouvo pou trete COVID, men yo pa nouvo nan tretman viris yo. Yo te pwouve yo efikas pou ede evite tout sentòm COVID-19 ki lejè yo (tankou souf kout, fatig, frison, lafyè, doulè nan misk, elatriye) yo jwenn tou nan lòt enfeksyon viral. Epi yo te fè tès lan sitou sou moun ki genyen COVID-19 epi yo te mache san pwoblèm.

Èske mwen kapab rete tann epi gade si m ap vin pi mala avan mwen fè tretman an?

Non. Pi bonè w kòmanse ak tretman an, se plis efikas medikaman yo ap efikas, epi se plis chans w ap genyen pou evite w gen gwo maladi ki gen rapò ak COVID-19 se sa k ap pi bon. Tretman an plis efikas lè w kòmanse ak antiviral oral yo ant yon (1) jou pou rive senk (5) aprè w fin santi premye sentòm yo epi lè antikò monoklonal yo kòmanse yon (1) pou rive 10 jou aprè w fin santi premye sentòm ou yo.

Anplis, chak ka COVID-19 yo diferan, epi w kapab tonbe byen malad byen rapid. Si sa rive, ou kapab pa an mezi pou resevwa okenn nan tretman sa yo.

COVID-19 lan terib jan nou panse li ye a. Poukisa mwen dwe trete tèt mwen?

Anpil moun se sentòm COVID-19 ki pa grav yo genyen Men si nou pwopoze ou tretman sa a, se paske ou gen anpil risk pou devlope yon COVID-19 ki grav. Si w genyen COVID-19 ki grav, ou ka vin malad anpil, ou ka entènè lopital, epi ou gen plis risk pou COVID-19 lan touye ou.

Èske omwen medikaman sa yo fonksyone sou varyan Omicron?

Paxlovid, molnupiravir ak bebtelovimab efikas kont Omicron ak nouvo variant Omicron (BA.2).

Èske mwen ta dwe pran vaksen menm si mwen gen COVID-19 oswa aprè mwen fin fè tretman kont COVID-19?

Wi! Sèl fason pou pwoteje tèt ou kont COVID-19 lan se pran pou pran vaksen an, menm si w te deja genyen COVID-19 lan. Si yo ba w antikò monoklonal yo, w ap gen pou tann 90 jou aprè tretman ou an pou w pran vaksen an.